**Acumen:** International Journal of Multidisciplinary Research
ISSN: 3060-4745 IF(Impact Factor)10.41 / 2024
Volume 2, Issue 2

# XOREOGRAFIYA TARAWINIŃ TARIYXÍ

**Xojamuratov Salawat**
Òzbekstan màmleketlik kòrkem òner hàm màdeniyat instituti
Nòkis filialı "Xalıq dòretiwshiligi" kafedrası
"Qosıq hám oyın" qánigeliginıń 1-kurs studenti
**Yuldasheva Zuxra**
ÒzMKÒMI Nòkis filialı "Xalıq dòretiwshiligi"
kafedrası aǵa oqıtıwshısı

**Annotatsiya:** Bul maqalada xalıq oyınlarınıń payda bolıw tariyxı hám milliy dástúrlerin haqqında aytıladı. Tariyxıy dereklerden suyengen halda maǵluwmatlar aytıp ótiledi, oyınlardaǵı reńbe-reń túrleri, olardı saxnalastırǵan baletmeysterler sheberligi hám oyınlar xarakterleri boyınsha maǵlumatlar berilgen. Bunda háreketlerdi jaqsı atqarıp qalmastan, oyındı janlı, obrazlı, sonday-aq sol dáwirge say bolǵan xarakterdi de beriw kerekligi, sebebi xarakter, obraz berilmese oyın óz maqsetine jetpegenligi haqqında túsinik beriledi.

**Gilt sózler:** ball maskaradlar, folklor, shıǵarmalar, xoreografiya, oyın, saxna, ansambl, repertuar, improvizatsiya, kórkem obraz.

Xalıqtıń payda bolıp, qáliplesiwinde onıń mádeniyatı menen kórkem óneriniń rawajlanıwı tiykarǵı orında turadı. Insan balası ómirge kelgen kúnnen baslap kórkem óner tarawınıń negizgi úlgilerin kórip, ańlap uǵına baslaydı. Máselen, ana háyyiwi menen sanasına kirip barǵan nama sesleri onıń jan dúnyasın ózgeshe ráhátke bóleydi. Kórkem ónerge mehiri ayrıqsha bolǵan baladan hesh qashan unamsız jaǵdaylar, tárbiyasız ádetler shıqpaydı. Júrek jarasın, kewil qabarıwların sıyqırlı sazlar, janǵa jaǵımlı namalar hám oyın-kúlkiler menen dawalap kelgen xalıq wákilleri bul tarawǵa ózgeshe húrmet penen qaraǵan.

Tariyxıy dereklerge súyenetuǵın bolsaq, áyyemgi dáwir insaniyatı mádeniy aǵartıwshılıq negizleri menen óz zamanında jasap ótkenin biliwimizge boladı. Máselen, alǵashqı tas dáwiriniń adamları ózleriniń ishki dúnyasındaǵı keshirmelerdi hár túrli seslerdi shıǵarıp, ıńıldap nama seslerin jırlap, hár túrli qıymıldı háreketler menen óz ónerlerin kórsetetuǵın bolǵan. Al, bul maǵlıwmatlardıń tastıyıǵın bolsa taw úńgirlerinde taslarǵa qashaw menen sızılǵan adam qıymıldılarınıń háreketlerinen ańlawımızǵa boladı.

Búgingi dáwirge kelip, óz zamanınıń jetik qánigeleri tárepinen úyrenilgen maǵlıwmatlarǵa qarap mádeniyat, kórkem óner, xoreografiya tarawlarınıń rawajlanıw barısı áyyemgi dáwirlerden-aq baslanǵanlıǵın kóremiz. Áyyemgi Mısır, Greciya, Hindistanda oyın óneriniń dáslepki kórinisleri payda bola baslaǵan. Onda qanday da bir diniy kóz-qarastan otqa, suwǵa tábiyat hádiyselerine sıyınıw waqtında ámelge asıratuǵın háreketler sáwlelengen. Al, orta ásir dáwirine kelip Evropa hám Orta Aziya keńnen rawajlanıw basqıshına ótedi. "Shıǵıs mádeniyatı hám oyınları, Hindistan hám Qıtayda pantamimo tamashalarınıń bir bólegi sıpatında rawajlanıp barǵan. Onda oyın folklorınıń xarakterli sızıqları óz sáwleleniwin tapqan[1]".

Hár qanday tarawdıń tiykarǵı dárekleri onıń keleshekte ele de alǵa ilgerlewinde, sol tarawdıń xalıq arasında ulıwmalasıwına tiykarǵı negizdi atqaradı. XI ásir aqırlarında oyın óneriniń jazıp alınıw dáwiri baslanǵan. Bir qatar francuz baletmeysterleri P.Boshan, R.Fyuye, Fabye, P.Romolar bul qunlı xızmetlerdi atqarıp, xoreografiya tariyxına úlken úles qosıp ketken. XX ásirge kelip dúnyada 70ten artıq sistemalı oyın ónerleriniń jazılıwı, sonıń menen birge saxnalıq oyınlar hám baletler jazba dáreklerde saqlanıp qalǵan. Tilekke qarsı, Ózbekstanda oyın ónerin jazıp alıw ámelleri saqlanbaǵan. Qansha jıllardan berli óziniń biybaha tákirarlanbas ǵáziynesine iye bolǵan oyın ónerimiz, xalıq oyınlarımız tariyxta hesh qanday dáreklerde jazıp qaldırılmaǵan.

Nátiyjede óner dúrdanaları saqlanbastan joytılıp ketken. Tek ǵana 1936-1941-jıllarda "Katta oʻyin" atlı Ferǵana oyın toplamın sóz benen jazıp qaldırǵan. Oǵan Ǵulom Zafariy hám muzıkatanıwshı E.Romanskovaya jaqınnan járdem bergen. Sol dáwirlerde usta Olim Komilov penen Tamaraxonim "Doira darsi" shınıǵıwların jaratıp, sol tiykarda jas oyınshılardı tárbiyalay baslaǵan. Elimizdiń dáslepki baletmeysterleri tuwralı sırt el ilimpazlar bir qansha jıllı pikirlerdi qaldırǵan. "VIII ásirdiń birinshi yarımında Samarqand qalasına sayaxatqa kelgen shıǵıs shayırı Bo Czyuy menen Yuan Chjen jergilikli oyınshılardı tómendegishe táriypleydi:

"Bárekella oyınshı! Oyınshı oyındı atqarǵanda qar ushqınlarınıń dúbeleyine uqsap shır-shır aylanadı. Ol sharshaw ne ekenin bilmeydi, birese ońǵa, birese shepke aylanadı. Ol adamlar áwladınan ba yamasa perishteler násilinen be, ajıratıp bolmaydı. Jeldey ushıp baratırǵan suńqar da oǵan teńlese almaydı[1]" dep bahalaǵan. Haqıyqatında da milliy oyınshılarımızdıń tariyxıy basqıshları hár qanday dáwirde de óz qádir-qımbatın joytpastan kelgen. Belgili xoreograf ustazlardıń shólkemlestirgen oyınları bolsa sol zamannıń táriypin kórsetip bere alǵan. Ózbek xoreografiyasınıń eń ullı tulǵalarınıń biri Yusufjan qızıq hám basqa da ustazlardıń pikirinshe milliy

oyınlarımızdıń tiykarshısı bolǵan “Katta oʻyin” Iskender dáwirinde payda bolıp, (eramızdan aldıńgı III ásirde) ol 280 usıldan ibarat bolǵan[3].

Xoreografiyanıń jetik mamanı bolǵan shayır, izertlewshi Xislat “Katta oʻyin”di hesh qanday ózgertip bolmaydı, hesh bir jerin qosıp yamasa alıp bolmaydı” dep atap ótken. Bul tarawdıń tariyxın úyrener waqıtta jazba dárekler menen ámeliy sabaqlardıń az bolıwına qaramastan, ustazlar dóretpeleriniń qunlı ekenligin túsinemiz. Óytkeni milliy oyınlar bul milletimiz mádeniyatınıń tiykarın qurawshılardan esaplanadı. Ózbek hám qaraqalpaq milliy oyınları zamanlar almasıwı menen túrlenip bayıp kelmekte.

Xoreografiya bar eken, insan qálbiniń gózzallıqları dúnyanıń shadlıqları menen tolı ekenligin sezindire aladı. Sonlıqtan da, oyın ónerine ıqlas qoyǵan hár bir kewil tek ǵana jaqsılıqlarǵa qaray jol baslaydı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


1. Sayitova E.Y., Abraykulova N.E. Xoreografiya va raqs san’ati asoslari. 2015.
2. Узбекский советский театр. Ст. 40-44.
3. Sayfullaeva D., Kazakbaeva Z. Oʻzbek raqs san’ati tarixi va sahnalashtirish sirlari. 2015.
4. Yuldasheva Z. Oyın óneri. Tashkent. 2024.
5. Yuldasheva, Zuxra. "MILLIY VA ZAMONAVIY MUSIQA SANATINING TURFA VA RANG-BARANG USLUBI." *Miasto Przyszłości* 39 (2023): 256-259.
6. Юлдашева, Зухра. "ОСНОВНЫЕ ВЫРАЗИТЕЛЬНЫЕ СРЕДСТВА ТАНЦЕВАЛЬНОГО ИСКУССТВА." *Oriental Art and Culture* 4.3 (2023): 822-827.
7. Yuldasheva, Zuxra. "MILLIY VA ZAMONAVIY MUSIQA SANATINING TURFA VA RANG-BARANG USLUBI." *Miasto Przyszłości* 39 (2023): 256-259.
8. Salievna, Yuldasheva Zuxra, and Bayniyazov Alisher Aziz o’g’li. "Methodological Considerations for Staging Karakalpak National Dance." *HOLDERS OF REASON* 2.6 (2024): 268-270.
9. Salievna, Yuldasheva Zuxra, and Bayniyazov Alisher Aziz o’g’li. "THE BALLETMASTER'S ROLE IN STAGING KARAKALPAK NATIONAL DANCE." *HOLDERS OF REASON* 2.6 (2024): 270-273.

10. Kolkanatov, Asilbek. "IFTIKHORI TIMSOLI TUMOR BRANCH." *JOURNAL OF HEALTHCARE AND LIFE-SCIENCE RESEARCH* 2.11 (2023): 67-69.

11. Nazarbaevna, Qolqanatova Alfiya, and Kojalepesov Sultanbay Serjanovich. "The Importance of Scenario in Cultural Events." *EUROPEAN JOURNAL OF INNOVATION IN NONFORMAL EDUCATION* 4.2 (2024): 259-262.

12. VA, INSONGA E'TIBOR, and SIFATLI TA'LIM YILI. "Imom Buxoriy saboqlari."